

Pou Piblikasyon Imedya: 10/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RETOU ANTRÈNMAN EKIP DEMINAJ 'RAVEN'S CHALLENGE' NAN NEW YORK

Pi Gwo Egzèsis Antrènman Ekip Deminaj nan New York, ki Ransanble Ekip Deminaj Lokal, Federal ak Entènasyonal nan Sant Antrènman Preparasyon an nan Oriskany

Gouvènè Cuomo te anonse jodia ke Sant Antrènman Preparasyon Eta New York la nan Oriskany ap resevwa Raven's Challenge 2019 la, ki se pi gran evènman antrènman ekip deminaj ak ekip dispozisyon netralizasyon eksplozif militè yo. Evènman anyèl la, ki fè nan kat lye nan tout peyi a, fòm tekinisyon ekip deminaj sou kòman pou fè fas ak menas aparèy ekzplozif empwovize yo reprezante pou kenbe piblik la an sekirite. Egzèsis anyèl sa a pral antrene ekip deminaj ki soti nan nòdès, Kanada ak Lewòp.

"Sekirite Piblik la se premye priyorite nou, epi li vrèman enpòtan ke premye entèvenan nou yo genyen aksè ak pi gran kalite egzèsis ak antrènman ki disponib yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York fyè pou fè Raven's Challenge lan yon lòt fwa, epi pou swete entèvenan ak otorite lalwa yo nan tout monn lan byenvini nan sant antrènman preparasyon premye plan nou an isit la nan Vale Mohawk."

Dirije pa Sant Nasyonal Fòmasyon ak Rechèch nan Eksplozif (National Center for Explosives Training and Research) Biwo Ameriken pou Alkòl, Tabak, Zam Dife ak Eksplozif (Bureau of Alcohol, Tobacco, Firearms and Explosives, ATF), Raven's Challenge 2019 la ap fèt nan kat lye nan Etazini apati 10 Mas rive 14 Jen. Anplis de evènman sa a k ap fèt yon twazyèm fwa nan Sant Antrènman Preparasyon Eta (State Preparedness Training Center) New York an, egzèsis yo ap òganize tou nan Colorado, Florid la ak nan Indiana. Pandan Egzèsis yon semèn nan, ekip yo ap patisipe nan egzèsis ki baze sou senaryo ki elabore nan lide anviwònman menas aktyèl.

Nan Raven's Challenge, plis pase 100 teknisyen nan eksplozif ak divès antite militè ak otorite lalwa ap patisipe nan yon antrènman ki baze sou senaryo, ki enkli yon balayaj pwoteksyon diyètè ki kowòdone pa Sèvis Sekrè Etazini an, yon sitiyaasyon ki enplike yon grenad ki tire an 3D ki kapab lage pa yon dwòn oswa pwojete pa yon tib, ak yon sèn pòs kontwòl tribinal ki genyen yon aparèy eksplozif ki louvri pandan yon radyografi.

"Raven's Challenge ofri yon antrènman inestimab pou teknisyen bonm yo ki te konsakre lavi yo pou pwoteje kominote yo. Pa genyen pi bon kote nan peyi a pou òganize yon egzèsis konsa ke Sant Antrènman Preparasyon Eta New York la", **Patrick A. Murphy, Komisyone Pwovizwa Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services), deklare.** "Mwen ta renmen remèsye patnè federal nou yo pa sèlman paske yo te chwazi New York pou fe evènman sa a

ankò, men tou paske yo te pataje konesans ak pi bon pratik yo nan fason pou konbat menas nouvo taktik moun k ap fè mal yo itilize."

"Patenarya depi lontan sa a ant Eta New York ak pwogram Raven's Challenge lan ki diirje pa ATF la pral reyini pou twazyèm fwa nan senk lane epi pral pwodwi rezilta ki fantastik", **te deklare John Simpson, jesyonè pwogram, Egzèsis Entèwoperabilite Raven's Challenge, ATF.** "Egzèsis Sant Antrènman Preparasyon Eta a, dezyèm sòti pou ane a, li toutafè ranpli epi konstitiye yon bawomèt pou demann kalite antrènman sa a pami teknisyen bonm yo."

Raven's Challenge te kòmanse nan 2004 sou fòm yon egzèsis antrènman ki dirije pa ATF pou alafwa ekip militè pou netralizasyon eksplozif ak minisyon eksplozif ak pou ekip piblik sekirite deminaj yo nan Seattle. Ofildèzane, egzèsis sa a te vin pi gran egzèsis antrènman nan monn lan ki fèt pou ekip netralizasyon aparèy eksplozif ak ekip deminaj yo. Raven's Challenge finanse pa Lane Amerikèn epi kowòdone pa ATF ak ajans patnè ki enkli Lane Amerikèn, Depatman Amerikèn pou Sekirite Enteryè (United States Department of Homeland Security), Biwo Federal Envestigasyon an (Federal Bureau of Investigation), ak otorite lalwa nasyonal ak lokal nan tout peyi a.

Konsènan Sant Antrènman Preparasyon Eta a

Jere pa Divizyon Sèvis Sekirite Enteryè ak Ijans Eta New York la, Sant Antrènman Preparasyon Eta a ofri anpil ekip antrènman pou deminaj ak ekip chyen yo yon posiblite antrènman nan vrè anviwònman yo. Sitiye sou 445 ekta, lye antrènman Preparasyon Eta a enkli yon vil simile 45,000 pye kare, yon konplèks lojman rezidansyèl, yon pil dekonm batiman ki efondre, estrikti an bwa, vagon tren ak lòt lye. Sant Antrènman Preparasyon Eta a kounyeya ki nan 13yèm ane l, fòmè chak ane plizyè milye entèvenan ki enkli otorite lalwa, sèvis medikal ijans ak pèsonèl teknik sovtaaj yo.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [paj Facebook](#), swiv [@NYS DHSES sou Twitter](#), oswa vizite dhses.ny.gov.

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)